

Khalai ap pale ak plant

✎ Ursula Nafula

✉ Jesse Pietersen


🖨 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

🔊 2

💬 krèyol ayisyen ht




Ti fi sa a rele Khalai. Li gen sèt lane. Nan lang li, Lubukusu, Non li vle di 'sa ki bon an'.




Nan maten, lè Khalai leve li pale ak pye zoranj lan. "Tanpri pye zoranj, vin byen gwo pou'w bannou anpil zoranj mi."



Sou wout li lè li pral lekòl li pale ak zèb yo
“Tanpri grandi, vin pi vèt epi pa mouri.”




Sou wout li lè li pral lekòl li pale ak zèb yo
“Tanpri grandi, vin pi vèt epi pa mouri.”



Nan lekòl la, Khalai pale ak pye bwa a ki nan mitan lakou a. "Tanpri pyebwa, blaye bèl branch ou yo pou nou ka chita anba lonbraj ou."



Khalai pale ak lantiraj lekòl la. “Tanpri grandi ak fòs pou’w anpeche move moun rantre nan lakou lekòl la.”



Lè Khalai tounen lakay li apre lekòl, l ale wè pyebwa zoranj la. “Èske zoranj ou yo mi?” Khalai mande li.



Khalai te byen kontrarye men li di pye zoranj
lan “Zoranj ou yo vèt toujou. Men map tounen
wè ou demen nan maten...petèt wa gen
zoranj mi pou mwen!”



Global Storybooks

globalstorybooks.net

Khalai ap pale ak plant

✍ Ursula Nafula

✒ Jesse Pietersen

☞ ACE Haiti-University of Notre Dame USA

